

Lè de (2) manm fanmi oubyen moun ki entim ap akize youn lòt pou yon deli ki fêt sou fanmi an, (sa rele **kont-plent**), lapolis dwe fè efò pou idantifye epi arete premye **agresè fizik la** apre li fin konsidere blesi konparatif yo, nenpòt menas ki fêt, istwa manm fanmi yo, epi si chak moun t ap aji avèk defans pou pwoteje yo kont blesi.

KISA MWEN TA DWE FÈ APRE OFISYE LAPOLIS FIN ALE?

- Kontakte oswa espere kontak yon Ofisyen Prevansyon Vyolangs nan Kay ki nan zòn sèvis lapolis nan lojman/akantou ou. DVPO ap ede ou devlope yon plan sekirite ki adpate pou bezwen ou.
- Toujou chèche jwenn swen medikal pou blesi yo.
- Anvizaje si yon entèdiksyon ka itil ou.
- Rele nan nimewo ki nan ti liv enfòmasyon sa a pou jwenn èd.
- Konsève yon kopi rapò sou vyolangs nan kay la ak lòt dokiman yo yon kote ki an sekirite.

Pou Plis Asistans ak Resous:

| | |
|----------------------------------|------------|
| Lapolis Ijans Rele | 911 |
| Rele Sèvis/Enfòmasyon Vil Nouyòk | 311 |

Sèvis telefòn pou vyolangs domestik nan Vil Nouyòk (24 sou 24) **1-800-621-HOPE (4673)**

Pou moun ki gen gwoblèm pou tande :
1-800-810-7444

Sèvis telefòn pou vyolangs domestik nan Vil Nouyòk

Anglè : **1-800-942-6906**
Panyòl : **1-800-942-6908**

Sèvis telefòn pou abi timoun nan Vil Nouyòk:

1-800-342-3720

VINE

(Notifikasyon Chak Jou pou Enfòmasyon sou Viktim)

1-888-VINE-4-NY

Notifikasyon Chak Jou pou Enfòmasyon sou Viktim (VINE) se yon liy dirèk otomatik 24 sou 24 ki fè viktим yo konnen dat liberasyon prizonye ki te nan prizon vil Nouyòk oswa nan sistèm prizon Depatman Koreksyon Leta.

Wèbsayt NYPD: <http://www.nyc.gov/nypd>

Brooklyn:

| | |
|-------------------------|----------------|
| Tribinal Kriminèl | (718) 250-3300 |
| Tribinal pou Zafè Fanmi | (347) 401-9600 |

Bronx:

| | |
|-------------------------|----------------|
| Tribinal Kriminèl | (718) 590-2858 |
| Tribinal pou Zafè Fanmi | (718) 618-2098 |

Manhattan:

| | |
|-------------------------|----------------|
| Tribinal Kriminèl | (212) 335-4300 |
| Tribinal pou Zafè Fanmi | (646) 386-5200 |

Queens:

| | |
|-------------------------|----------------|
| Tribinal Kriminèl | (718) 286-6550 |
| Tribinal pou Zafè Fanmi | (718) 298-0197 |

Staten Island:

| | |
|-------------------------|----------------|
| Tribinal Kriminèl | (718) 876-6300 |
| Tribinal pou Zafè Fanmi | (718) 675-8800 |

Adrès Sant Lajistis pou Zafè Fanmi nan Vil nouyòk

| | |
|--------------------------------|----------------|
| 350 Jay St. - 15th Fl. | (718) 250-5097 |
| Brooklyn, NY 12001 | |
| 126-02 82nd Ave. | (718) 575-4500 |
| Queens, NY 11451 (Kew Gardens) | |
| 198 E. 161st St. | (718) 508-1222 |
| Bronx, NY 10451 | |
| 80 Centre St. - 5th Fl. | (212) 335-3523 |
| New York, NY 10013 | |
| 126 Stuyvesant Pl. | (718) 697-4300 |
| Staten Island , NY 10013 | |

BM 786 (Rev. 04-17)
HC - How the police can help

Vyolangs nan Kay
SA OU BEZWEN KONNEN

KOUMAN LAPOLIS KA EDE



*Bill de Blasio
Majistra*

*James P. O'Neill
Komisè Lapolis*

Rele “911” POU IJANS

Vyolans nan Kay — Ou pa Poukонт Ou

ÈSKE PATNÈ OU...

- frape ou, ba ou kout pwen, ba ou koutpye oswa mòde ou?
- toujou ap kritike ou ak ladrès ou genyen kòm yon konjwen, patnè oswa paran?
- konpòte li tankou li se mèt ou oswa li vin trè jalou?
- menase pou frape ou menm, pitit ou, bêt domestik ou, manm fanmi ou, zanmi ou oswa pwòp tèt li?
- pa vle ou wè manm fanmi ou oswa zanmi ou?
- fache sanzatann oswa ankòlè sanzatann?
- detwi byen pèsonèl ou oswa jete zafè ou?
- refize ou gen aksè nan byen fanmi ou tankou kont labank, kat kredi oswa oto?
- kontwole tout lajan ou epi fòse ou bay eksplikasyon sou tout depans ou fè?
- entimide oswa manipile ou pou kontwole ou oswa pitit ou yo?
- pa vle ou ale kote ou vle ak lè ou vle?
- refize ou manje, bwè, dòmi, pran medikaman oswa resevwa swen medikal?
- fòse ou fè sèks kont volonté ou?
- anpeche ou jwenn oswa konsève yon djòb oswa anpeche ou ale lekòl?
- imilye ou oswa anbarase ou devan lòt moun?

Si ou reponn "wi" pou nènpòt nan kesyon sa yo, ou ka yon viktим vyolans nan kay. Ou pa poukонт ou. Ou merite èd, epi gen èd ki disponib. **NYPD ap ede ou.**

KISA LAPOLIS KA FÈ POU MWEN?

Lapolis ka ede ou menm ak fanmi ou, men yo bezwen pou bay enfòmasyon. Li enpòtan pou fè lapolis konnen tout sa ou kapab konsènan sa ki pase epi si sa ki te pase anvan. Li enpòtan tou pou fè lapolis konnen si ou gen laperèz oswa si w ap soufri, menm si ou pa gen blesi ki montre sa. Lapolis ap bezwen konnen tout enfòmasyon ki posib pou ede kenbe fanmi an ansekirite epi san vyolans.

Lapolis ka ede ou:

- jwenn yon kote an sekirite ki lwen vyolans lan tankou yon **Refij ak/oswa yon Kay ki an sekirite**.
- jwenn epi aplike yon **Entèdiksyon** (yon dokiman tribal) k ap òdone moun ki fè vyolans sou ou a pou li sispann frape oswa menase ou oswa pou li rete lwen ou menm ak pitit ou yo.
- jwenn swen medikal, konsèy legal, asistans nan sèvis sosyal, transfè nan lojman pou ijans, entèvansyon kriz ak sipò nan èd siko-sosyal pou ou menm ak pitit ou yo. Yo ofri sèvis sa yo atravè yon rezo founisè direk nan tout vil la.
- fè aranjman pou ofisyè prevansyon krim nan zòn sèvis lapolis nan lojman/sikonskripsyon a mennen yon ankèt sou sekirite ou pou li ka prezante bezwen sekirite imedyat ou, epitou pou fè aranjman pou chanje seri pòt yo gratis.
- pale avèk Ofisyè Prevansyon Vyolans nan Kay nan zòn sèvis lapolis nan lojman/sikonskripsyon a (DVPO) k ap travay avèk ou ak manm fanmi ou pou ede ou viv an sekirite ak lasante.
- devlope yon plan sekirite epi ba ou konsèy pou amelyore sekirite a lakay ou, nan travay ou epi pandan deplasman ou fè toulejou.

SA MWEN TA DWE ESPERE KILÈ LAPOLIS RIVE?

Lè ou rele lapolis, yo gen obligasyon pou yo mennen yon ankèt menmsi, ou menm ki viktим nan pa mande sèvis yo. Pou ede ou menm ak fanmi ou, lapolis dwe fè antrevi ak ou, moun ki fè vyolans sou ou a ak lòt moun ki ka wè oswa tande ensidan an. Lè sa posib, y ap poze ou kesyon lwen moun ki fè vyolans sou ou a. Yo fè sa pou ou ka pale libelibè sou ensidan an san entimidasyon.

Lapolis ap prepare yon rapò sou ensidan an epi l ap mande ou pou ou ekri ak siyen yon deklarasyon sou sa ki pase a. Rapò sa a rele *Domestic Incident Report* (DIR) (Rapò Ensidan Vyolans nan Kay). Dèyè do paj DIR la gen enfòmasyon ki ka ede ou deside fason pou fè ak kote pou jwenn sèvis yo. W ap resevwa yon kopi DIR la.

Lapolis ka mande tou pou wè epi fè foto blesi ou ak/oswa domaj byen ou yo ki asosye avèk vyolans nan kay la.

Gen yon lwa obligatwa pou fè arrestasyon nan Eta Nouyòk lè lapolis gen rezon posib pou kwè gen yon KRIM ki te fèt. Lapolis DWE arete moun ki fè vyolans lan si ou menm ak moun lan se manm entim nan menm fanmi an/kay la epi:

- yon krim te fèt, *oswa*
- yon Entèdiksyon te vyole, *oswa*
- yon deli te fèt sou fanmi an (sof si viktим lan pa mande sa).
- Enfraksyon ki fèt devan ofisyè a (sof si viktим lan pa mande sa).